

## Ugukiza Abana bo mu Ngwano

### Abana bo mu ngwano – Ni bande?

(Umwana ashobora kuba mu mugwi urenga umwe.)

(Harashobora kuba abandi bana benshi muri iyi migwi nk’abana bo mu ngwano.)

(Kenshi na kenshi baba ari ababajwe n’ingwano, rimwe na rimwe inyuma y’inzunganwe zitari nke, ugasanga ni bikeyi wumva ku biberekeye.)

- Abana b’impfuyi
- Impuzi n’Abateshejwe izabo bahungiye ahandi mu gihugu
- Abana batwarwa (nka “Abana bataboneka canke abagenda ijoro mu buraruko bw’Uganga”)
- Abana batwawe ku nguvu
- Abana bakoreshwa mu ngwano
- Umwana w’umwigeme yavyaye & yagizwe “umugore”
- Abana bacibwa ibihimba vy’umubiri n’abakomeretse
- Abana bahahamutse  
(Ivyo babonye, bagiye baracamwo, hamwe n’ivyaho babuze, ingene abandi bantu bababona inyuma y’ivyaho)
- Abana batagira aho baba n’abo mwibarabara
- Amwana adandaza umubiri
- Abana bari mu bukene butagira izina (ubukene butagira izina buterwa n’ingwano)

- Abana badwaye SIDA, badwaye, hamwe n’abana bafise ingorane zo gufungura nabi.

### Abana bo mu ngwano – Ni ivyahe bintu bibaranga bahuriyeko ?

- Babuze vyose, bababajwe mu bigumbagumba no mu mpwemu
- Ukubura ivyizigiro n’iyerekwa kuri kazoza
- Ukubura indero n’inyinfato ibereye yo mu kibano
- Bategera abandi bantu, babayeho nk’abari inyuma y’ibigumbagumba vyabo
- Ukwiyumva ko ata hantu na hamwe baguwe neza
- Ukutizera
- Feelings of guilt & shame
- Ishavu, ukugwana n’inyimfato isambura
- Ukurazirana, ukwibuka ivya kera kandi bibi ubudasiba
- Abanyabwoba
- Ugutimba, ukubaho ataco ugikunda
- Ukubura abavyeyi, ubuzima bwo mu muryango, ugutahura imibereho yo mu muryango
- Ugutabwa mu kibano, ukwigizwayo mu kibano
- Ugufungura nabi no kutagira amagara meza, isuku rike no kutifata neza ku bijanye n’amagara, ukwihereza ibiboreza

---

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana  
“Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika”  
Email [ecmafrica@ecmafrica.org](mailto:ecmafrica@ecmafrica.org)  
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



- Ukugabanuka kw'ubwenge, ukudakurikira neza

### **Abana bo mu ngwano – Twobafasha gute?**

- **Gucura intimba 2:19**
- **Matayo 18:14**
- Ukuronsa abana b'impfuyi – aho baba, imiryango, ukwiga
- Inyigisho z'imyuga, akaryo ko gushobora kwitunga
- Ukubafasha mu vy'impwemu n'ubuntu mu ma kambi
- Imfashanyo y'ivy'indero
- Ugusubira mu bandi no kubana n'abandi
- Ukubumviriza no kubahanura
- Ukubabohora, ukubakingira no kubatahukana mu zabo
- Ukubavuza
- Ugufasha abari mw'ibarabara
- Ukubafasha mu vyo bakeneye

### **Abana bo mu ngwano – Ni gute wokwitegura kugira ubafashe?**

- Rondera amashirahamwe afasha abana bo mu ngwano, ni izihe mfashanyo batanga?
- Rondera ibisabwa n'ayo mashirahamwe wumva washimye
- Ibintu ngenderwako muri rusangi – ukwitegura mu mutima – N'imiburiburi umwaka umwe wa Bibiliya (Imfatiro nziza z'ugukora utahura neza Bibiliya)
- Inyigisho zo gufasha kwumviriza abantu zifatye kuri Bibiliya
- Inyigisho zikwiye kandi zifatika mu bintu kanaka

---

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana  
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"  
Email [ecmafrica@ecmafrica.org](mailto:ecmafrica@ecmafrica.org)  
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



- Inyigisho zitangwa na Crisis Care Training Int'l (Igisata ca WEC)
- Ibijanye n'ivyo umuntu aba asanzwe akora? Ahanini mu vyibwa vy'imibano mu mico itandukanye, psychologie (ku bijanye na Bibiliya), ukwumviriza, inyigisho za gikristo, Bibiliya
- Ingeso nziza nizo nkenerwa gusumba mbere n'ivyo umuntu aba yarize
- (Ufashijwe na AIM): Impwemu y'uguca bugufi no gukorera abandi, ishaka ry'ukumenya no gufasha, Kugira ubwenge bukwiye bwo gushobora kwegera inyuma y'ikintu kanaka hanyuma ukaciyumvirako neza, Umutima w'ikigongwe, Ugushikama, ukutadadaza, Uzi kubana n'abandi, Ushoboye kwikorana canke gukorera mu mugwi, Kwiyumvira ibikwiye gukorwa, Gutanguza ibikenewe gukorwa, Ukwizera ku giti cawe gukwiye no gushobora kugusangira n'abandi no kugukoresha.
- (Ufashijwe na AIM): Ukwitegura mu mpwemu – Ugufata mu mutwe ivyanditswe, Ugushobora kwiyigisha Bibiliya
- Ukwitegura ku vyo umuntu asanzwe azi: Ukwiga ururimi, ugukorana n'abana bari mu ngorane canke bariko barimuka, ukumenya ibijanye n'imico itandukanye mw'isi igenda itera imbere.
- (Ufashijwe na AIM): Ukwitegura ukwiga ibijanye n'umuco kanaka
- Ukwitegura mu bwenge no mu mutima (Ufashijwe na AIM): “Kristo ni umukiza, si jewe kandi si twebwe. Bijanye na We, ntibijanye na jewe.”

### **Abana bo mu ngwano – Ni gute wofasha udashobora kuja iyo bari?**

- Hitamwo ishirahamwe wofasha mu buryo ushoboye – amasengesho, imfashanyo y'amafaranga, gufasha ata gahembo, kuba uwubaserukira mu bikorwa kanaka, kurondera abandi boja mu mugwi wabo, n'ibindi n'ibindi.
- Ufashe mu bijanye n'uburyo umwana ava mu kibanza cahuye n'intambara, canke ufashe mu bijanye n'uburyo ukwiga kw'umwana
- Ugire ico ukoze ku mugambi kanaka wiharije

---

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana  
“Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika”  
Email [ecmafrica@ecmafrica.org](mailto:ecmafrica@ecmafrica.org)  
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



- Utororokanye kandi urungike ibikoresho vyo gutezurira. (Raba urutonde rwogufasha mu vyiyumviro)
- Ba uwubavugira

*Murakoze kuba mumpaye akaryo ko gusangira namwe. Ni ukuri narabasengeye. Imana ibarongore mu kibanza c'igikorwa n'umugisha Ibipfuzako!-----Lorella Rouster*

---

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana  
“Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika”  
Email [ecmafrica@ecmafrica.org](mailto:ecmafrica@ecmafrica.org)  
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe

